ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№121 (24.871) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 7, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ

КІуэкІуэ Казбек Адыгейм щыпсэухэм ехъуэхъуащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Адыгейм исхэм ехъуэхъуащ Республикэм и махуэмкІэ.

- АДЫГЕЙМ нобэ Республикэм и махуэр егъэлъапІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкІыу, щыналъэм и Унафэщ1 КъумпІыл Мурат КъэрэшыкІ и къэми республикэм и цІыхубэми а махуэшхуэмкІэ гуэрэ псэкІэ сохъуэху! - иритахащ КІуэкІуэ Казбек и интернет напэкІуэцІым. - И щІыпэкІэ и дахагъэмкІи, адрейхэм къахэзыгъэщ и щэнхабзэмкІи, егъэлеяуэ гуанэ и цІыхухэмкІи ди къэралым фІыкІэ къыщыхэщ щІыналъэ къызэрымыкІуэщ Адыгейр. Я цІыху гъэхэщІэкІэ дахэмрэ республикэм еблагъэ псоми ирагъэлъагъу ныбжьэгъугъэмкІэщ Адыгейм кІуэкІэ зэрыдахьэхьыр.

Республикэм жыджэру зекІуэ, туризмэр зэрефлекІуэм, зыгъэпсэхупІэхэр зэрагъэлажьэм, ухуэныгъэ Іуэхухэм, хадзэкэмрэ мэкъумэшым зэрелэжь лъэныкъуэкэм кІуэ пэтми увыпІэ лъагэхэр къыщагъэлъагъуэу.

Ди Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм зэрыхыхьэрэ, Адыгейм и къалэхэмрэ куэжакэмрэ кІуэ пэтми нэхъ псэупІэ тынш мэхъу инфраструктурэ зэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ я лъэныкъуэкІэ.

Адыгейм щыщ щІэныгъэлІ щэджащэхэр, гъэсакІуэхэр, докутырхэр, щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ я Іэщ1агъэлІхэр, мэкъумэшым ехъулІэныгъэфІ щызыІэрызыгъэхьэхэр, ухуакІуэхэр иІэщ Урысейм. Ди къэралышхуэм и щыпІэ зэмылІэужьыныгъуэхэм икІа зауэлІхэм ябгъурыту, республикэм щыщхэм нобэ ди Хэкушхуэ яхъумэ.

Шэч къытехьэркъым сыт хуэдэ кІалэн и пащхьэм къиувэми, Адыгейр зэрыпэлъэщынум, Урысейм и щыналъэ псоми яхуэзфІэкІыр зэригъэззэщІэфынум. Къуэш республикэм и дэтхэнэ ехъулІэныгъэми дыщогуфыкІ.

Адыгейми щыпсэу цІыхухэм фІыгъуэрэ ехъулІэныгъэрэ яІэу псэуну гурэ псэкІэ сохъуэху!

Я мурадхэр къехъулІэу, илъэс къэс Адыгейр нэхъ ефІакІуэу ирепсэу!

Арэзы зытехъуэ Іуэхущ1афэхэр

Мы махуэхэм Налшык къалэм щекІуэкІащ СВО-м и ветеранхэм папщІэ къызэрагъэпэща «Хэкум и хъумакІуэхэм я Кубок» щІыналъэ зэхьэзэхуэр. Ар къыщыдэзыхыным республикэм хьэщІэ лъапІэхэр щыІащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ хуэзащ Урысейм и Парламинт комитетым и унафэщІ, Урысейм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ щІыхь зиІэ и тренер, Урысей Федерацэм и Президентым деж Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьынымкІэ щыІэ Советым зи ушэтІакІэм кІэмыхьхьэм ятещІыхьа спортым зегъэужьынымкІэ Іуэхущ1апІэ зэхуэмыдэхэр зыхэт и комиссэм и унафэщІ Рожков Павел.

Республикэм и хабзэгъэзыкъуэкІэпІэм и Унафэщ1ым хъэщІэм фІыщІэ хуищІащ щІыналъэхэм спортым зэрызэщІужьыным и нэІэ зэрытригъэтым папщІэ.

- КъБР-м и Парламентым гулъытэ хэха хуещІ зи узыншагъэм кІэмыхьхэм я спортыр щІыналъэм щегъэжьэкІуэным. ИІэзэ куэд, хууэру ди нэІэ тетщ КъБР-м и Унафэщ1ым щыІэ спорт-адаптивнэ школым икІи дыхущІокъу ди щІалэхэр зэпеуэхэм хуэгъэхъэзырыным. - жиІащ Егоровэм. - Мы Іуэхум ехъуэху нобэ щыІэ гугъуехьэмэ дыщыгъуазэщ, абы къыхэкІыу къалэн зыщыдощыж зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр спортым хэтыфын хуэдэу Іуэхугъуэ псори муниципалитетхэм щызэтедубгъэщ. Ди жэрдэмхэм я фІыгъэкІэ, лэжьыгъэр мэкІуатэ. ИкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ идот дзэ Іуэху хэхам хэтхэр мы лэжьыгъэм къыхощынэм, икІи ди дежкІэ пщІэшхуэщ «Хэкум и хъумакІуэхэм я Кубок» зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуекІыну къыдэхуащ.

Рожков Павел жиІащ паралимп спортыр егъэфІэкІуэным Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІыр, дунейпсо зэпеуэхэр щебгъэкІуэкІыфынуи апхуэдэ зэфІэкІ щыІналъэм зэрыбгъэдэлъыр.

Хьэщ1эр яхуэзащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэми. «Хэкум и хъумакІуэхэм я Кубок» зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуекІыну ауэ сытми къыздэкІыжьынкІэ. «Мы зэпеуэр фи дежкІэ къыщІэтхьар Іэщ1агъэлІ пажэхэмрэ иджырей мардэхэм тет спорт Іуэхущ1апІэхэмрэ фызэриІэр. Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр спортым зэрыхэтырыну Іэмалхэр къызэгъэпэщыныр къэралым и Іэтащхьэм къытхуигъэува къалэнышхуэщ. А лэжьыгъэм адэкІи пытщэнущ», - жиІащ Рожковым.

Паралимп комитетым и унафэщІыр тепсэлъыхьащ, политикэ щытыкІэм кхъыхьІу, Паралимп джэгухэм урысей спортсменхэр хамыгъэтыну лъэпощхьэпо кьаззрыхуэхъуным абы и ІуэхукІэ зэлэжьэным.

Зэлущ1эм и кІэм Егоровэ Татьянэ хъщІэм саугъэтхІэ хуэупсащ.

ПщафІэхэмрэ Іэпщ1элъапщ1эхэмрэ зэхуешэс

Абхъазым и утыкум жэпуэгъуэм и 3-5-хэм щекІуэкІащ шхыныгъуэхэр щащэ «Яблочный джем» фестивалыр, Налшык къалэ администрацэмрэ «Платформа» институтымрэ, «Туризм и индустрия гостеприимства» лъэпкъ Іуэхум хыхьэу къыздэкІуэпэщар.

ФЕСТИВАЛЫР 2019 гъэм ирагъэжьащ. Абы щыгъуэм Урысей псом рекорд щагъэуват: утыкум мыІэрысэм къыхэщІыкІа «алэрыбгъу ирадзат» и кІыхьагъыр метр 50, и бгъуагъыр метр 20 хъуэ. Ар ягъэхьэзырын папщІэ мыІэрысэ 175 440-рэ къагъэсэбэпащ. Нэгъабэ къыздэкІуэпэща фестивалым хъыбэу ягъэувat мыІэрысэм къыхэщІыкІа арт-объект зэмылІэужьыныгъуэхэр. Абыхэм ялт «Сосрыкъуэ» шхапІэм и тепльэр. Мы гъэм нэхъыбэу ягъэлъэгъуащ шхыныгъуэ, ерысакъыпхъэ зэмылІэужьыныгъуэхэмрэ Іэпщ1элъапщ1эхэм я Іэрыкъэхэмрэ.

Фестивалыр жэпуэгъуэм и 3-м пщыхьэщхьэм ирагъэжьащ Рено Жан и «Шеф» кинофильмымкІэ. Абы зыкъызэІущ1эхьэлІэхэм я нэгу зрагъэужьащ Абхъаз Республикэм къикІа ТЕМОхShiri уэрэджэныкІа гупым.

Жэпуэгъуэм и 4-м сыхьэт 11-м щІидзэу зэхыхьэ гъэщІэгъуэнхэм пащащ. Хабзэ хъуауэ, абы щагъэлъагъуэ шхапІэхэм, пщафІэ Іэзэхэм ягъэхьазыр лъэпкъ шхыныгъуэхэр, мыІэрысэм къыхэщІыкІа варенэ, джем, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуазэр (чипсхэр), хьэлывэхэр, ерыскъыпхъэхэр къыщІэзыгъэкІэхэм ягъэхьазыр (гъэщІэгъуэнхэмрэ фызэриІэр). Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр спортым зэрыхэтырыну Іэмалхэр къызэгъэпэщыныр къэралым и Іэтащхьэм къытхуигъэува къалэнышхуэщ. А лэжьыгъэм адэкІи пытщэнущ», - жиІащ Рожковым.

Паралимп комитетым и унафэщІыр тепсэлъыхьащ, политикэ щытыкІэм кхъыхьІу, Паралимп джэгухэм урысей спортсменхэр хамыгъэтыну лъэпощхьэпо кьаззрыхуэхъуным абы и Іуэхукlэ зэлэжьэным.

Зэлущ1эм и кІэм Егоровэ Татьянэ хъщІэм саугъэтхІэ хуэупсащ.

Фестивалым папщІэ къызэрагъэпэщат ди щІыналъэм, къэралым я пщафІэ нэхъ Іэзэхэм ящыщэм я лекцэхэмрэ мастер-классхэмрэ. ПІэпщ Заремэ, Дышэкі Мухьэмэд, Усманов Кенгес, Мокаевэ Гульнарэ, Габуев Аслъэн, Бекъшокъуэ Саидэ сыкэ ягъэхьазыра шхыныгъуэхэм зэхыхьэр нэхъри щІэщыгъуэ ящІащ. Абы зыкъызэрезыгъэхьэлІэхэр кІэлъыплъащ пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадзэкэхьэм, лыхъкІым шхыныгъуэхэр къызэрыхащІыкІым.

Іэпщ1элъапщ1эхэм цІыхуэр щагъэгъэщащ хьэпІацІэщІыгъэ блэным, мывэ лъапІэхэм къыхэщІыкІа цІуугъэнэхэр гъэхьэзырыным и щэхуэм. Езыхэм хьэзырыхэзу къэздахуэ щыгъэхэм, Іэпщ1ехъуэхэм, Іэлъынхэм, сумкэхэм, бохъшэхэм я жармыкІи зэхэтащ. Гуапэт адыгэбзэр хъумэным хуащІа открыткэхэр, зыгуэрым уздрыхуэупсэ хъунэ хъэпшып цІыкІубэкІухэр, Іэпщ1ехъуэхэм цІыхухъуэхэса тхылъхэр. Шырыхъу Тамарэ егъэхьэзыр фэм къыхищІыкІа тхылъдэлъхьэхэр, Іэпщ1ехъуэхэр, Іункlыбзэ1ухэр зэребгъэбубыд брелокхэр, бохъшэхэр, нэгъэщІэкІэхэр. Іэщ1эгъэун тщыхъуащ языныкъэ адыгэ тхакІуэхэм я тхылъхэм я цІэхэр, псалъэжьэр абыхэм зэрытритхэр, адыгэ тхыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ, уеблэмэ ди лъэпкъым и ныпыр зэрыгрищІыхьар. И Іэщ1агъэкІэ экономистми, илъэситху илэкІэ дэзыхьэха мы Іуэхур лэжьыгъэ нэхъыщхьэ хузэфащэ.

Апхуэдэу, фестивалым щІэупщІэ щиІэт Жулабовэ Мунирэ лъэпкъ тхыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ къигъэсэбэпурэ пхъэм къыхищІыкІа, зэманым деклуу къигъэщІэрэщІэжа тхъэгъуэм, Іэлъынхэм, Іэпщхьэщхьэм, щхьэщхэІуэхэм. Мунирэ мы Іуэхум зэрыдихьэхрэ илъэситху мэхъу. Абы зэрыжиІамкІэ, и лэжьыгъэхэр Урысейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэщэм ящэху, Интернетым и социальнэ сайтхэмкІэ ахэр зэбгрегъэкІ.

Фестивалым хэтахэм псом хуэмыдэу ягу дыхьащ удз гъэгъа теплъэ зиІэ Іофы-кІэхэр. Иджыпсту куэд щІэупщІэ хъуа мы саугъэт папщІэкІэ зыгъэхъэзырыхэри Іуэхум жьыдэжру хэтащ. ЦІыкухэр зыгъэгумэ дахагъэхэм ящыщ зыт аехри. Адэкlэ щыпІъагъурт Новопавловск къалэм щыщу фестивалым кърагъэблэгъа Захарушинэ Аннэ и гущІэ хъэлэмэтхэр. Абы жиІащ «Плюшевая лепка» зыфІища и лъэщапІэм гуащхэр илъэс 20-м нэблагъэуэ зэрыщІэхъыхьэрыр, и Іэдакъэщ1экІ фэилъхьэгъуэхэмкІи ахэр зэрихуэпэжыр, балигъхэмрэ сабийхэмрэ папщІэ мастер-классхэр зэрыригъэкІуэкІыр, Урысейми, дунейпсо фестивалхэми и лэжьыгъэхэр зэрыщІигъэхьэзыр

● Жылагъуэ палатэм

ЕгъэджакIуэм пщIэ хуащIу

Республикэм и егъэджакIуэ пажэхэм ящыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щагъэлъэпIащ. ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэрагъэпэща а Iуэхур ирырагъэхьэлIащ ЕгъэджакIуэм и махуэм.

КъБР-м и егъэджакIуэхэм щехъуэхъуа зэхуэсым къекIуэлIащ хэгъэгум и курыт школхэмрэ пэщIэдзэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт сабий садхэмрэ я унафэщIхэр, гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэр, жылагъуэм щыщхэр, къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ, зэIущIэр къыщызэIуихым, егъэджакIуэхэм гъащIэм щагъэзащIэ къалэныр зэрыин дыдэр къыхигъэщащ.

- Фи дежщ къыщыщIидзэр къытщIэхъуэ щIэблэр жылагъуэм хэзагъэу тэмэму гъэса хъунымрэ дэнэ лъэныкъуэкIи къащыхуэщхьэпэну пэщIэдзэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэмрэ. Фэращ къэкIуэнум и лъабжьэр абыхэм яхуэзыгъэтIылъыр. Пэжщ, къэралым илъэс бжыгъэкIэ яхуэфащэ гулъытэ щызымыгъуэтахэм егъэджакIуэхэри ящыщщ. Ауэ, зэхъуэкIыныгъэщIэу мы зэманым къэунэхуахэм ятетщIыхьмэ, мы Iуэхуми фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжым шэч хэлъкъым, - жиIащ Федченкэ Людмилэ.

Къэрагъэблэгъахэм хъуэхъу псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Туменов Мурадин. ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэр абы иригъэщхьащ унэщIэм и ухуэкIэ хъунур архитекторым зэрызэтригъэпсыхьым.

- Фи гуащIэдэкIым къыпэкIуэр зыхуэдизыр тыншу къахуэпщытэхэм ящыщкъым. ЩIэблэщIэм, и цIыкIугъуэм къыщыщIэдзауэ, гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ ябгъэдэзылъхьэхэм фрапажэщ. Джэлэсу яхэвгъэпсыхьырщ абыхэм тегъэщIапIэу яIэнури, - къыхигъэщащ Туменовым.

ЕгъэджакIуэхэм псалъэ гуапэхэр яжезыIахэм ящыщщ Урысейм Егъэджэныгъэмкіэ и академием (РАО) и академик, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Къарэмырзэ Барэсбий.

- Дэтхэнэ зы егъэджакIуэри, къанэ щIагъуэ щымыIэу, ди сабийхэм я деж зыкъыщызэкъуэзых дуней псо ирокъу. Зэманым къазэрыхуигъэуву, я щIэныгъэм зэпымыууэ хагъэхъуэн зэрыхуейм и мызакъуэу, мы IэнатIэм пэрытхэр я лэжьыгъэм хуэпэжу, уеблэмэ, псэемыблэжу зэрыщытыпхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращ абыхэм я лэжьыгъэр пщIэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэм щIыхалъытари, - жиIащ Къарэмырзэм.

Урысей Федерацэм и Президентым деж къыщызэрагъэпэща, лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, къыхигъэщащ къэралыр зэпIэзэрыт щытыкIэм изыгъэт гупсысэкIэ тэмэмыр къытщIэхъуэ щIэблэм яхэпщэнымкIэ егъэджакIуэгъэсакIуэхэм я лэжьэкIэ-Iуэху бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр.

- Фэ ныбжьыщIэхэм ауэ сытми щIэныгъэ ябгъэдэфлъхьэ къудейкъым, атIэ адэкIэ хьэл-щэну яхэлъынури дуней еплъыкIэу яIэнури фоубзыху, - жиIащ абы, егъэджакIуэхэм фIыщIэ тхылъхэмрэ тыгъэ цIыкIухэмкIэ щегуэпылIэм.

- Нобэ, ди къэралыр гугъуехь мыухыжхэм щыхадза зэманым, фэ, егъэджакIуэхэм, фи лэжьыгъэм и пщIэр нэхъри нэхъ лъагэ зэрищIам шэч къытетхьэркъым. КъытщIэхъуэ щIэблэр я гупсысэкIэр узыншэу, хэкупсэу къэгъэхъуным мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр къывгурыIуэкIэрэ, дэтхэнэ фи дерсми къыщыхывогъэщ щIалэгъуалэми, балъигъхэми тхуэдэу, дзэ Iуэху хэхам хэт ди лIыхъужьхэм я Iуэху даIыгъын зэрыхуейр, дызэкъуэтмэ, Урысей Федерацэм къэкIуэну дахэ зэриIэнур, - жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэм защIэгъэкъуэнымкIэ и комиссэм и унафэщI, ЛIыгъэм и орденыр зрата Абэнокъуэ Владимир.

ЗэIущIэм хэта езы егъэджакIуэхэми КъБР-м и Жылагъуэ палатэм фIыщIэ хуащIащ, я лэжьыгъэм пщIэ хуащIу, илъэс къэс мыпхуэдэ зэхыхьэ гуапэхэр къызэрызэрагъэпэщым папщIэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Жэпуэгъуэм и 13-р Къэрал кIуэцI органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

И цIэр езыр щыпсэуа уэрамым зэрехьэ

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык бзаджащIэхэр къызэрытеуэрэ илъэс 20 ирокъу. Ар гум имыхуж гуауэшхуэщ. Республикэм и къэкIуэнум, мамырыгъэм папщIэ я псэ емыблэжу щIэпхъаджащIэхэм япэщIэтащ хабзэхъумэхэр. МахуитIкIэ екIуэкIа а зэпэщIэувэныгъэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу 35-рэ, цIыху мамыру 15 хэкIуэдащ.

БЗАДЖАЩIЭХЭР Налшык къыщытеуам лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу абыхэм япэува, зи псэр зыта хабзэхъумэхэм ящыщщ Мысост Артур.

Сыт и лъэныкъуэкIи псыхьауэ 2003 гъэм армэм къикIыжа щIалэр КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм къулыкъу щищIэну мурад ищIащ. Артур стажеру къыщIидзэри, мазищ нэхъ дэмыкIыу Налшык къалэ УВД-м и деж щыIэ ОВО-м и япэ батальоным и милиционеру къащтащ. УнафэщIхэм гу къылъатащ абы, сыт хуэдэ къалэнри дагъуэншэу зэригъэзащIэм, Iуэхум и хэкIыпIэр псынщIэу къигъуэтыфу зэрыщытым и фIыгъэкIэ. Зыхэт гупми зыпащI щыIэтэкъым зи псалъэ тебгъуэтэж щIалэр.

ОВД №1-м адэкIэ къыщыт сабий сад №48-м а пщэдджыжьым зыгуэр къызэрыщыхъуар къозыгъащIэ кнопкэр къэлэжьащ. Милицэм и старшина Мысост Артур зыхэт гупыр абы кIуэну ежьащ. Япэ ОВД-м деж автомашинэхэр мафIэм щисырт, IэщэкIэ зэрызэхэуэр зэхэпхырт. Куэд дэмыкIыу шэхэр езыхэм къытрагъэлъалъэу щIадзащ. Артур гаражым и щIыхьэпIэр егъэзыпIэ ищIа къудейуэ, щIэпхъаджащIэхэм абы кIэлъадза гранатэр къауэри, ар иуIащ, иужькIи автоматыши трагъэлъэлъащ. И лэжьэгъухэр абы бгъэдыхьэну щIэпхъаджащIэхэм Iэмал къратыртэкъым. Унэм щыпсэухэм яхуэзэфIэкIащ уIэгъэ хъуа хабзэхъумэр щIыхьэпIэм нахьэсын. «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэри» къраджащ. Арщхьэкiэ гуват...

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда, «ЛIыгъэм и орден» зыхуагъэфэща Мысост Артур и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм ноби ящыгъупщэркъым. Абы и фэеплъыр зэи мыкIуэдыжын ящIащ зэрэгъыждэсхэм - а жылэм щыщ Мысост Артур и цIэр фIащащ ар щыпсэуа унэр зытет уэрамым.

УАРДЭ Жануэс.

● УФСБ-м къет

ПцIым фIым ухуишэркъым

Хабзэхъумэхэм къызэпаудащ Лэскэн ЕтIуанэм и администрацэм и унафэщIу щытам илэжь хабзэншагъэр.

АБЫ и нэIуасэм дэфтэр нэпцIхэмкIэ тригъэтхащ Лэскэн районым хыхьэ щIы кIапэ.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 4-м нэскIэ ягъэтIыс.

Терроризмэм и телъхьэт

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Шэджэм къалэм щыщ, илъэс 45-рэ зи ныбжь Щоджэн Н. илэжь хабзэншагъэр.

Абы хъыбар-телекоммуникацэ сетыр къигъэсэбэпурэ Интернетым щызэбгригъэхырт терроризмэм тезыгъэгушхуэ тхыгъэхэр.

Ипщэ округым и дзэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Щоджэн Н. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 205.2-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ. Абы сом мин 450-рэ ипшыныну тралъхьащ, Интернетри хэту, сетхэр илъэси 2-кIэ къигъэсэбэпынуи хуиткъым.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэт зи Iуэху нэхъ дэкIыр?

ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ къыхилъхьащ лэжьапIэншэм Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондым (ФОМС) илъэсым къриубыдэу сом мин 45-рэ хилъхьэн хуейуэ.

«СЭ мыпхуэдэ еплъыкIэ сиIэщ. ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщхэм я лэжьакIуэхэм папщIэ илъэсым ику иту ФОМС-м ират сом мин 45-рэ. Дэтхэнэ зы цIыху узыншэми илъэсым сом мин 45-рэ страхованэм иритыфын хуейуэ къызолъытэ, ар апхуэдэуи ахъшэшхуэкъым», - щыжиIащ абы 2026 гъэм и бюджетым и проектым теухуауэ екIуэкIа парламент едэIуэныгъэхэм.

Матвиенкэ Валентинэ жиIащ къэралым мылажьэхэм ахъшэшхуэ зэрыщытрагъэкIуадэр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ IэнатIэ Iутхэм щхьэусыгъуэншэу мылажьэ цIыху мин бжыгъэхэм я медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрыхузэрагъэпэщыр.

«Пенсионерхэм, сабийхэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм я Iуэхур гурыIуэгъуэщ, абыхэм упщIэ лъэпкъ яхудиIэкъым, - жиIащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым. - Ауэ зи къару илъыгъуэ икIи узыншэ щIалэгъуалэр щымылажьэкIэ абы и щхьэусыгъуэми уогупсыс. Си гугъэмкIэ, языныкъуэхэм IэнатIэ гуэр зэрыIутыр къамыгъэлъагъуэу аращ, шэчыншэу абыхэм яхэтщ лэжьэну хуэмейхэри. Абы щыгъуэми зэрыпсэу мылъкур къыздикIыр дэнэ? Девгъэгупсыс а Iуэхуми, хэкIыпIэ гуэр къыхуэдвгъэгъуэт. Къапщтэмэ, лэжьапIэншэхэм щхьэщатыкI страхованэм пэкIуэ ахъшэр щIыналъэхэм я бюджетым Iыхьэфlу хоувэ», - жиIащ политикым.

Ику иту зэрыхэхъуар

Урысей Федерацэм и Социальнэ фондым къызэритамкIэ, мы гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ пенсэхэм сом 350-рэ хэхъуащ. Мазэ кIуам ику иту къахь пенсэр сом 23 519-рэ хъурт: мылажьэхэм - сом 24 013-рэ, IэнатIэ Iутхэм - сом 21 350-рэ.

2025 гъэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Чукоткэ автоном округым мазэм ику иту щат пенсэр сом 38 173-рэ мэхъу. Урысейм и адрей хэгъэгу псоми ебгъапщэмэ, нэхъыбэ къыщахьыр а щIыналъэрщ.

Нэхъыбэ хъунущ

ЩIэныгъэлIхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, 2023 гъэм елъытауэ 2050 гъэм ирихьэлIэу дуней псом лыших узыфэхэм илIыкIхэм я бжыгъэр процент 75-кIэ нэхъыбэ щыхъунущ. Абы и щхьэусыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэр жылагъуэр нэхъ жьы зэрыхъурщ.

КЪЫЗЭРАЛЪЫТЭМКIЭ, цIыхухэр нэхъыбэу зэрылIыкIыр гу-лъынтхуэ узыфэхэрщ, абы къыкIэлъыкIуэхэр лышхырщ. 2050 гъэм ирихьэлIэу узыфэ зэмылIэужьыгъуэщIэу мелуан 30,5-рэ къэунэхуну икIи илъэс къэс абы цIыху мелуан 18,6-м нэблагъэ илIыкIыну хуагъэфащэ.

Урысей щIэныгъэлIхэм къыхагъэщ жылагъуэр нэхъ жьы зэрыхъум къищынэмыщIауэ, тутын ефэным, лы лей зэрателъым, экологие щытыкIэм, къапщтэмэ, узыншагъэм зэремыгугъум узыфэр зыгъэятэ щхьэусыгъуэхэм зэращыщыр.

Жэпуэгъуэм и 7, *гъубж*

♦**ГуфIэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Даутокъуэ-Серебряковым и дзэм Налшык къиштащ.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ТIыхъужь Алий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 9, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 8, *бэрэжьей*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ кхъухьхэм - псым тетхэми, псы щIагъым щIэтхэми, уэгум итхэми - я командирхэм я махуэр**

♦**1860 гъэм** Бахъсэн цIыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ЗекIуэхъу Увжыкъуэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Умар Анатолэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Къагъырмэс Црай**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Налог итыртэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэр арэзы техъуащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщIым ехьэлIауэ къаIэта уголовнэ Iуэхум. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым ипкъ иткIэ.

СЛЕДСТВЭМ къызэритымкIэ, ягъэкъуаншэм 2021 - 2022 гъэхэм гъэсыныпхъэрэ нэгъуэщI хьэпшыпрэ зэуIуу щэным пыщIа сатум къыхуищIа хэхъуэм налогыу щхьэщитыкIын хуея сом мелуани 109-р итакъым, налог IуэхущIапIэм декларацэ нэпцI Iэригъэхьэри.

Уголовнэ Iуэхур республикэм и Налшык къалэ судым хуагъэхьащ хэплъэну.

ЗэкIэ абы къытрахащ IуэхущIапIэм и мылъкуу сом мелуани 113-м щIигъу зыпэкIуэ.

Сом мелуан 19-м щIигъу

Республикэм и прокуратурэм щIигъэбыдащ Тэрч районым и Тэрч къалэм и администрацэм и лэжьакIуэу щыта Ш. А., кадастр инженер Ж. А. сымэ ятеухуа уголовнэ Iуэхур. Ахэр ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

ЯГЪЭКЪУАНШЭХЭР 2018 - 2022 гъэхэм зыгуэрхэм ягурыIуэри, (абыхэм ехьэлIа Iуэхухэр щхьэхуэу къаIэтащ, зэхагъэкIынущ) дэфтэр нэпцIхэмкIэ щIы Iыхьэ 48-рэ Тэрч къалэ администрацэм и мылъкум щыщу зыIэрагъэхьащ.

А щIэпхъаджагъэхэм къэралым къыхуихьащ сом мелуан 19-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Ягъэкъуаншэхэм ейуэ я щIы Iыхьэхэр, транспортрэ ямыгъэIэпхъуэ мылъкурэ яубыдащ.

Зыгъэхьэзырар
БАХЪСЭН Ланэщ.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм и фэеплъу

Адыгэ гупсысэкIэм къызэриштэмкIэ, къызыхэкIа лъэпкъым и фIым щIэбэн, и къэкIуэным ирипIейтей, и пщэдейрей махуэхэм телажьэ цIыхуращ лIыфIкIэ узэджэнур. ЛIыфIым лъэпкъыщхьэ иIэкъым. Зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, ар зыхущIэкъур дунейм дахагъэр тепщэ щыщIынырщ, и зэхэщIыкIыр къэIэтынырщ, щIэныгъэр и Iэпэгъуу зегъэужьынырщ. Апхуэдэущ зэрыпсэуар дуней псом къыщацIыхуу щыта совет щIэныгъэлI, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Лихачев Дмитрий. Абы къигъэна щIэиным ущыхэплъэкIэ, лIыфIым къыхуэлэжьынум и инагъыр къыпхуэмыIуэтэну зэрыиныр зыхыбощIэ.

ЛИХАЧЕВ Дмитрий фIы дыдэу хищIыкIырт пасэрей урыс литературэм и тхыдэм, щыгъуазэт дунейпсо гъуазджэм, шынэ жыхуаIэр имыщIэу тепсэлъыхьырт икIи теттхыхьырт лажьи хьэкъи ямыIэу совет лъэхъуэщхэм ис цIыху мелуанхэм я щыIэныгъэм, я къекIуэкIыкIам, я Iуэхухэр зэрыхъуам. ЖыпIэнуращи, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтым и 2-нэ нагъыщэм и лауреат, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, профессор Лихачев Дмитрий цIыху зэкIэрышхэщ жыхуаIэхэм хуэдэт.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я нэхъыбэр езыр къызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ятеухуауэ щыт пэтми, игъэзащIэ жылагъуэ лэжьыгъэм и хьэтыркIэ, къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, абыхэм яIэ хуитыныгъэхэм, я лъэпкъыщхьэр хъума хъун папщIэ унафэр зыIэщIэлъхэм къатехуэ хьэкъым щIэх-щIэхыурэ утыкушхуэхэм щрипсалъэрт. Апхуэдэу абы адыгэ дунейр къызэщIэзыIэтауэ щыта зы Iуэхугъуэшхуэм - Косовэ щIыналъэм щыпсэу адыгэхэр Хэкум къызэрашэжам - хуиIэ щытыкIэр Мэзкуу дэт Урысей къэрал библиотекэм хэхэс лъэпкъхэм я литературэм ехьэлIауэ къызэригъэпэщыгъа щIэныгъэ зэхуэсым къыщигъэIуагъат.

- Илъэс пщIы бжыгъэкIэ дыхуитакъым фIэщхъуныгъэ зэрыдиIэр къызыхэдгъэщыну, ДыкъэзыгъэщIам худиIэ щытыкIэм дытепсэлъыхьыну. Апхуэдэ дыдэуи, къэралым къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм дахэпсэлъыхьакъым, къриkIуэнкIэ хъуну шынагъэхэр зыхуэдэм дыщыгъуазэти. Пэжыр жытIэф щыхъуакIэ, узыщыгуфIыкIыпхъэ зы Iуэху захуэ къэралым къыщыхъуащи, абы дызэфIэту дыщывгъэгуфIыкI. Кавказыр игъащIэми пащтыхьыгъуэм и плъапIэу, хы тIуащIэм ит щIыналъэ бэвылъэхэр зыIэригъэхьэну хущIэкъуу къекIуэкIащ. А гуращэхэм теIэбэн щхьэкIэ пащтыхьыгъуэм цIыхугъэр щыфIэкIуэд куэдрэ къэхъуащ. Ди тхыдэм бжьыгъэшхуэу телъынущ зэгуэр Кавказ щIыналъэр зыгъэбжьыфIэгъа адыгэхэр зэрызэтриукIар, къелар я лъахэ щыпсэуну хуимыту зэрызэбрипхъар. А лъэпкъым фIэкIуэдар хуригъэкъужыну къыщIэкIынукъым, ауэ зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, пащтыхьыгъуэм зэрихьа лейр иджырей къэралыгъуэм зэригъэзэхуэжмэ, фIыгъуэшхуэщ. Мис апхуэдэ зы фIыгъуэ иджыблагъэ абы хуэлэжьащ - Косовэ щIыналъэм щекIуэкI лъэпкъ зэрыукIым къыхишыжри, адыгэхэр и Хэкум къришэжащ. Тхыдэм захуагъэу къилъытэну а къэхъугъэм пщIэшхуэ иIэщи, си щхьэкIэ си гуапэу сыIуощIэ, фэри а захуагъэм хуэфащэ гуапагъэкIэ фыIущIэну фыкъыхузоджэ, - щыжиIат абдеж щIэныгъэлIым. Къэрал библиотекэм и пэшышхуэм щIэсхэр къызэфIэувэри, IэгуауэкIэ Лихачевым и псалъэхэр даIыгъат. Ар зылъэгъуа адыгэ бзэщIэныгъэлI Къумахуэ Мухьэдин дунейм тетыху а Iуэхугъуэр щыгъупщакъым, лъэпкъ Iуэху къэхъеямэ, абы тепсэлъыхьыжу щытащ.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм и цIэр ди жылагъуэ гъащIэм къыщекIуэкIхэм етпхын хуей щIэхъуар Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым лъэпкъ щэнхабзэхэр джынымкIэ и кафедрэм иджыблагъэ къызэригъэпэща щIэныгъэ еджэныгъэхэрщ. Ар теухуат Лихачев Дмитрий и щIэныгъэ щIэиным, абы дунейпсо щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэм, нобэрей гъащIэм къызэрылъэIэс щIыкIэм, щигъэзащIэ мыхьэнэм.

Илъэс къэс ирагъэкIуэкI а еджэныгъэхэм я жэрдэмщIакIуэр Лъэпкъ щэнхабзэхэр джынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэрщ, зэгуэр Лихачев Дмитрий зи къызэгъэпэщакIуэу, иужькIэ зи унафэщIу щыта щIэныгъэ хасэрщ. Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым лъэпкъ щэнхабзэхэр джынымкIэ и къудамэм и унафэщI, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щэуей Маринэ зэрыжиIамкIэ, щIэныгъэ еджэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ УФ-м и щэнхабзэ политикэм теухуауэ къащта унафэхэр гъэзэщIэным, абы къигъэув Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр жылагъуэ гъащIэм хэпщэным.

- Дунейпсо щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэм зи Iыхьэ хэзымылъхьа лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынукъым. ЦIыхуитI зэщхьу зэрыщымыIэм хуэдэу, зи дуней тетыкIэр, зи жылагъуэ щыIэкIэр, зи щэнхабзэ къэгъэщIыкIэр къанэ щымыIэу зэтехуэ урихьэлIэнукъым. Псоми я лъабжьэр цIыхугъэрщ, дауи. Ар щымыIамэ, дызэгурыIуэну къыщIэкIынтэкъым. Щхьэж и щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэр къэхутэным икIи джыным мыхьэнэшхуэ иIэ пэтми, зэщхьу диIэхэр, къахэщ лъэпкъ дамыгъэхэр нэхъ къыхэгъэбелджылыкIын хуейуэ къыщIэкIынущ, сыту жыпIэмэ аращ цIыхугъэкIэ дызэджэ шхэпс хъужыр езыр. Зи фэеплъ дахэр мыкIуэдыж Лихачев Дмитрий и къэхутэныгъэхэм пасэрей урыс литературэм и щхьэхуэныгъэхэр джыным увыпIэ хэха щагъуэт пэтми, зи гугъу сщIы зэдай щэнхабзэ дамыгъэхэр джыным гулъытэшхуэ ириту щытащ. Дэри ди къалэным хохьэ узэщIакIуэ цIэрыIуэм пхиша гъуэгум щIалэгъуалэр тешэныр, дунэтIыныр, щIэныгъэ гъуэгу бгъуфIэм тешэныр. Къыхэзгъэщынут зы Iуэху. «Хабзэ» щэнхабзэ дамыгъэр Лихачевым и IэдакъэщIэкIхэм курых яхохъу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а фIэщыгъэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр ди лъэпкъым хуэдэу лъэныкъуэ куэдкIэ зэпкърызыха щыIэкъым. Ар тегъэщIапIэ тхуегъэщIрэ къэхутэныгъэ лъагъуэхэм ди щIалэгъуалэр тхутешэмэ, куэд дыдэ зэрытхузэфIэкIынур хьэкъщ, - жиIащ Щэуей Маринэ.

Институтым хореографиемрэ къафэ щэнхабзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Мэрзей Iэсият зэрыжиIамкIэ, Лихачев Дмитрий къыщIэна лэжьыгъэхэр лъэпкъ щэнхабзэхэр джынымкIэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI дэтхэнэм дежкIи нэгъэсауэ щIэныгъэ гъуэмылэщ.

- Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэ къулей диIэщ, зэрызэщхьым хуэдэуи, зэрызэщхьэщыкI куэд дыди яхэплъагъуэу. Арыххэуи, щIэныгъэ гъуэгуитI пхыпшыфынущ ди щэнхабзэхэр къэхутэным и IуэхукIэ. Лихачевым и гуащIэдэкIхэм къуэпсыбзэу задз, языхэзми гупсысэ щхьэпэхэр къызэщагъэууэ, Iэмалыншэу тхыдэ къэхъугъэ гуэрхэм щIэрыщIэу ухурагъэплъэкIыжу. Зыри хэмылъми, сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, «Жыг хадэхэм я поэзиер: жыг хадэхэм я гъэтIысыкIэм щIэлъ щIагъыбзэхэр» лэжьыгъэшхуэр. Адыгэхэр дунейм цIэрыIуэ щызыщIа жыг хадэхэм я тхыдэм, абы и гъэпсыкIэ-щыIэкIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм нэгъуэщIынэкIэ Iэмалыншэу ухурагъэплъэкIыж. Шэч хэлъкъым, щIэныгъэ еджэныгъэхэм къыхэша хъуа ныбжьыщIэхэм я къэухьым зезыгъэубгъун щIэщыгъуэ куэд Лихачев Дмитрий и щIэиным къыхахыфынущ, я гупсысэкIэщIэхэмкIэ абы кърихьэлIахэм къадэгуашэкIэрэ, щIэныгъэм и зы лъагъуэщIи къахутэфынущ. Сэ абы шэч къытесхьэркъым, - жиIащ Мэрзей Iэсият.

Къыхэгъэщын хуейщ щIэныгъэ еджэныгъэхэм хэта щIалэгъуалэм лэжьыгъэ хъарзынэхэр утыку къызэрырахьар. Абыхэм я нэхъыбэр тещIыхьащ Лихачев Дмитрий и цIэр дунейпсо щIэныгъэм къыхэзына къэхутэныгъэхэм: «Пасэрей урысхэм къащIэна литературэ фэеплъхэр», «ФIымрэ дахэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр», «Лъахэ гупсэ», «Жыг хадэхэм я поэзиер: жыг хадэхэм я гъэтIысыкIэм щIэлъ щIагъыбзэхэр», «Дыкъызэрела щIыкIэр», «ГукъэкIыжхэр», нэгъуэщIхэри. Зи цIэ къитIуа лэжьыгъэхэрагщ нэхъыбэу Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм ехьэлIауэ щIэныгъэлIым и гупсысэхэр зэпкърыхауэ къыщиIуэтар, щIалэгъуалэм я псэкупсэ гъэсэныгъэм теухуа Iуэху еплъыкIэхэр къыщиIуэтар, тхыдэ къэхъукъащIэ щхьэхуэхэм яхуиIэ бгъэдыхьэкIэхэр щызэпкърихар.

Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIым хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ щхьэпэ ирегъэкIуэкI. Мы еджэныгъэхэри абыхэм языхэзщи, абы хуэунэтIауэ ягъэува къалэнхэр къадэхъуну, и щхьэпэ куэд къэкIуэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Джэду щысу шыпсэ умыIуатэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат Наусбий и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Къардэн (Беслъэней) Динэ Жанджэрий и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ **ДыщэкI Марие Сухьэмэдин и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу абы и унагъуэм дахуогузавэ.

КъБР-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэр, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупыр.

ЩIэпхъаджагъэм щахъумэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым педагогикэмкIэ, психологиемкIэ, физическэ щэнхабзэмрэ спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и егъэджакIуэ нэхъыжь Пщыгъэуш Рузанэ университетым щеджэхэм ядригъэкIуэкIащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным теухуа дерс щхьэпэ. «Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэраныгъэщ» фIэщыгъэр хуищIащ абы. Пщыгъэушым студентхэм ягуригъэIуащ щIэпхъаджагъэм и лъабжьэр зэрыфIейр, абы зыщыпхъумэн зэрыхуейр, терроризмэр зэрышынагъуэр, пхуэмыгъэзэкIуэжын насыпыншагъэхэр къызэришэр. ИкIи экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зищIысымрэ абы узэрыпэщIэтын хуей Iэмалхэмрэ яжриIа къудей мыхъуу, егъэджакIуэм ныбжьыщIэхэм я гупсысэр триухуащ апхуэдэ щIэпхъаджагъэм лъагъумыхъуныгъэ хуащIыным. Дерсым къыхишащ езы студентхэри. Абыхэм упщIэхэр я куэдт, я Iуэху еплъыкIэхэр утыку кърахьэнми хуэжыджэрхэт.

ПЩЫГЪЭУШ Рузанэ тепсэлъыхьащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ хэпщIахэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ ирагъэхь жэуапыр зыхуэдэм. ЩIэпхъаджагъэ нэрыгъ зыхэлъ тхыгъэхэр, дамыгъэхэр интернет напэкIуэцIхэм къыщыбгъэлъагъуэ зэрымыхъунумрэ абыхэм защыпхъумэн зэрыхуеймри щхьэхуэу къытеувыIащ. Дерсым къыщагъэсэбэпащ видеотеплъэгъуэ кIэщIхэр, дэфтэрхэмкIэ, сурэтхэмкIэ, къэрал хабзэм и мардэм тет тхыгъэхэмкIэ зэхэгъэува слайдхэр.

Рузанэ къыхигъэщащ дерсыр иуха нэужькIэ, студентхэм ящыщ куэдым зыкъыхуагъазэурэ ягу къэкIыжа упщIэхэм теухуауэ я дзыхь къызэрырагъэзар, зытепсэлъыхьам теухуауэ иджыри щIаджыкI хъуну лэжьыгъэхэм къызэрыщIэупщIар. «Абы къикIыр сыт жыпIэмэ, едгъэкIуэкIа дерсым и мыхьэнэр нэрылъагъу хъуащ. Дыхуейщ ди студенхэм емрэ залымыгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэ хуаIэну, щIэпхъаджагъэм зыщахъумэну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гупсысэ узыншэ яIэну. Абы долэжь зэпымыууэ. Ди студентхэм сытым дежи чэнджэщкIэ дахуэщхьэпэну дыхьэзырщ, ахэр гъуэгу захуэ тетынырщ дызыхущIэкъур», - жиIащ Рузанэ.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ*.

Бакъей Темболэт дыщэ медаль къехь

● Бэнэкlэ хуит

Азербайджаным и Гянджа къалэм къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. СНГ-м хэт къэралхэм я 3-нэ спорт джэгухэу мы махуэхэм абы щрагъэкIуэкIым дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ Бакъей Темболэт.

КИЛОГРАММ 51-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ бахъсэндэс щIалэм финалым щыхигъэщIащ хэгъэрейхэм я спортсмен Ахмедзаде Гаджигусейн. Темболэт и тренерхэр ПщыукI Артуррэ Бэрэгъун Рустамрэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, СНГ-м хэт къэралхэм я ещанэ спорт джэгухэр екIуэкIынущ фокIадэм и 28-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 8 пщIондэ. Абы щызэпеуэнущ гъэмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм ящыщу 19-мкIэ.

Зэхьэзэхуэм хэтщ Урысей Федерацэм, Азербайджаным, Белоруссием, Къэзахъстаным, Узбекистаным, Таджикистаным, Туркменистаным я командэхэр, апхуэдэуи абы кърагъэблэгъащ СНГ-м хэмыхьэ къэралхэм - Тыркум, Кубэм, Кувейтым, Пакистаным, Оманым я лIыкIуэхэри. Псори зэхэту къэрал 13-м я спортсмен 1624-рэ щызэхьэзэхуэнущ абы.

Спорт джэгухэр зэрырагъажьэрэ блэкIа махуипщIым къриубыдэу УФ-м и командэм медаль нэхъыбэ абы къыщихьащ - 157-рэ: дыщэу 89-рэ, дыжьыну - 40, домбеякъыу - 28-рэ. ЕтIуанэу къакIуэр Азербайджанырщ - медали 139-рэ (23-44-72), ещанэр Белоруссиерщ - медаль 84-рэ (20-30-41).

Зэхьэзэхуэм хэт къэралхэм ящыщу 9-м я командэхэм медаль зэхуэмыдэхэр къахьащ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

ЩIэблэм щIэныгъэ куу яриту, сабийхэр фIым, дахагъэм хуиущийуэ и IэнатIэр нықъуcаныгъэншэу езыхьэкI егъэджакIуэ нэсхэм ящыщщ Къамбий Мухьэб и цIэр зэрихьэу Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт школ №1-м щылажьэ Кърымщокъал (КъуэщIысокъуэ) Iэсият Мунэзэр и пхъур. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэхэр къыхэзых дэтхэнэ зыми и гумрэ и псэмрэ а лэжьыгъэм сытым дежи етауэ щытын зэрыхуейр фIыуэ къызыгурыIуэ унэтIакIуэр и къаруми и зэманми емыблэжу, сабийхэр гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъуу илъэс 50 хъуауэ и IэнатIэм пэрытщ.

Илъэс 50 хъу гъуэгуанэ купщIафIэ

● Щапхъэ

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ-гъэсэныгъэм хэт дэтхэнэми фIы дыдэу ещIэ сабийхэм щIэныгъэ ябгъэдэплъхьэн ипэ къихуэу, а цIыкIухэр фIыуэ зэрыплъагъур псэкIэ зыхебгъащIэрэ къыкIэлъыкIуэу ахэр уи хьэлымкIэ, теплъэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ къыдэхьэхын зэрыхуейр. А Iуэхугъуэхэр и гъуазэу и IэнатIэм дапщэщи пэрытщ Iэсият. И гъэсэнхэр гурэ псэкIэ зылъагъу егъэджакIуэ Iэзэм и дерсхэр дапщэщи къызыхуэтыншэу зэхэгъэуващ, егъэджэныгъэми гъэсэныгъэми я мардэ псори къыщылъытауэ, Iэмал пэрытхэри лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу. Кърымщокъалыр сытым дежи хущIокъу и Iуэху зехьэкIэр зэрыригъэфIэкIуэным, и Iэзагъым зэрыхигъэхъуным. Ар и зэфIэкIхэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ ядогуашэ къыдэлажьэхэм, яхуэщхьэпэн чэнджэщхэр ретыф.

- Къыхэсха IэщIагъэм сыщыхущIегъуэжа къэхъуакъым. Дауи, махуэм, дерсым мураду хуэбгъуэва псори нэсу къыщомыхъулIэ щыIэщ. АтIэми ар гъащIэщ, псори тхылъым зэритым хуэдэу къэмыхъункIэ хъунущ, сабийхэри зы жыпхъэм иткъым. Дэтхэнэми щхьэхуэу, и гумрэ и псэмрэ яIэ щытыкIэр, унагъуэм щагъуэт гулъытэр, къыщыхалъхьэ гъэсэныгъэр къэлъытауэ ядэлэжьэн хуейщ, - жеIэ Iэсият. - Уи псэ хуабагъэр зылъэбгъэIэс сабийм и гур къыпхузэIуимыхынкIэ Iэмал иIэкъым. Аращ еджапIэм псом нэхърэ щынэхъыщхьэу къэслъытэри, сабийр фIыуэ лъагъун зэрыхуейращ.

Апхуэдэу щIэблэм ядэлажьэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм пщIэрэ нэмысрэ къыщыхуащI зыхэт гупми, IуэхущIапIэм и унафэщIхэми. Iэсият къыхуэарэзыщ ар жыджэру зыдэлажьэ адэ-анэхэри. Абыхэм къагуроIуэ егъэджакIуэм и лэжьыгъэр гугъуу икIи жэуаплыныгъэ ин зыпылъу зэрыщытыр. Пэжу, сыт хуэдиз Iэзагъэрэ шыIэныгъэрэ пхэлъын хуей уи гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми къызыхэкIа лъэп- къым хуэфащэ, нэхъыжькэр къэзымыгъэукIы-тэн цIыху къыхэкIын папщIэ.

Iэсият иригъэджахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, зи гурыщIэр къабзэ сабийхэм занщIэу зыхащIэ я Iэпэр иIыгъыу еджапIэм щIэзышэ я егъэджакIуэм и псэ къабзагъэр, гу щабагъэр, къахуиIэ набдзэгубдзаплъагъэр. Зи лэжьыгъэм лъагъуныгъэр, пщIэр, нэмысыр, шыIэныгъэр лъабжьэ хуэзыщIа Кърымщокъалым и нэIэм щIэта цIыкIухэм яхилъхьащ лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу, ярихъэгъуэтащ щIэныгъэфI, дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр, къыщалъхуа Хэкур фIыуэ яригъэлъэгъуащ. Ноби аращ.

Апхуэдэ лэжьыгъэфIым къыпэкIуащ къэрал гулъытэ лъаги. Езыри и гъэсэнхэри урысейпсо олимпиадэхэм ехъулIэныгъэ яIэу зэрыхэтам къыхэкIыу, абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ щытхъу тхылъхэр, ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ центру Алтай крайм и Бийск къалэм щыIэм къыбгъэдэкIа, «Грамматикэ нэжэгужэ» щIыналъэпсо зэпеуэм и гъэсэныр зэрыщытекIуам папщIэ кърата фIыщIэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. 2022 гъэм зыхэта къэралпсо блиц-олимпиадэм япэ увыпIэр къыщихьри, Кърымщокъалым къыхуагъэфэщащ зэпеуэм и щIыхь тхылъыр. Iэсият хуэфащэ дыдэу къыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри.

ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэблэм я унэтакIуэ IэкIуэлъакIуэм, бзылъхугъэ гуащIафIэм дохъуэхъу ЕгъэджакIуэм и махуэмкIэ. И лэжьыгъэм гукъыдэж къриту, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэу IэнатIэм пэрытыну, куэдрэ псэуну ди гуапэщ. Мы усэ сатырхэр Кърымщокъалым хузэхилъхьауэ щытащ абы и еджакIуэу щыта Бейтыгъуэн ФатIимэ.

Къармэхьэблэр, Iэсият, уэркIэ дэ догушхуэ,
ЕгъэджакIуэ нэсу, щапхъэ зытырах.
Бгырыс цIыхубз щыпкъэу
адыгэ бзылъхугъэм
Уи зэфIэкIыр куущи уи нэмысри екIущ.
Зэхэгъэж уимыIэу, цIыкIухэр зэхуэбгъадэу,
ПсэкIэ фIыуэ плъагъуу сабийм уахэтыфщ.
ЕгъэджакIуэ вагъуэу щIэблэм уагъэлъапIэу,
ЩIэныгъэ мыкIуэщIыр, сабийм иботыф.
Уи гъэсэнхэр гуфIэу, ахэм гунэдж къуату,
Псэ хьэлэл лэжьыгъэм уи пщIэр ин ищIащ.
Ебгъэджа ди щIэблэм фIыкIэ ягу укъэкIыу,
Узыншагъэ уиIэу куэдрэ уэ тхуэпсэу!

ТАМБИЙ Линэ.

● ЗэIущIэхэр

Iуэху щхьэпэм пащэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхаублащ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» республикэпсо Iуэхум и етIуанэ Iыхьэр. Абы ипкъ иткIэ, Налшык къалэм дэт школхэм щрагъэкIуэкI адэ-анэхэм, еджакIуэхэм я зэIущIэхэр.

ЯПЭ зэхуэсхэр щызэхэтащ курыт еджапIэ №№3,8, 16-хэм, Налшык къалэм дэт ЕгъэджэныгъэмкIэ центр №1-м. Абыхэм хэтащ школакIуэ 500-м щIигъу.

Республикэ УНК-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и полковник Давыдовэ Иринэ класс нэхъыжьхэм щIэсхэр къыхуриджащ гъащIэ узыншэ ирахьэкIыну, спортым, щIэныгъэмрэ гъуазджэмрэ хэтыну.

Урысей МВД-м и Налшык Управленэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я инспекторхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ хабзэм ебакъуэхэм яхь уголовнэ, административнэ жэуапхэр зыхуэдэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Психиатриемрэ наркологиемкIэ и республикэ клиникэ центрым и дохутыр психиатр-нарколог Нагорная Татьянэ тепсэлъыхьащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ цIыхум и Iэпкълъэпкъым зэранышхуэ зэрыхуэхъум.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ и еплъыкIэр жиIащ Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Теммоевэ Шахьидэт. Абы ныбжьыщIэхэм ягу къигъэкIыжащ хабзэм ебакъуэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм зыдрагъэхьэх зэрымыхъунур.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

Жыжьэ нэсакъым

«Рубин» - «Спартак-Налшык» - 1:1 (0:I). Ялтэ, «Авангард» стадион. Жэпуэгъуэм и 4-м.

Судьяхэр: Гарафутдинов (Мэзкуу), Новиков, Бирюков (тIури Дон Iус Ростов).

«Рубин»: Дьячков, Марченкэ, Тарасенкэ, Болгов (Балан, 27), Глебов, Калтаков (Проценкэ, 46), Панамарев (Наниев, 78), Папазян, Польшиков (Ромащук, 71), Полях, Пурак.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КIэдыкIуей, Гъуэгузокъуэ, Пириев, Балъкъыз Р., Блий, ХьэцIыкIу (Дзыгъул, 75), Бэлэтокъуэ (Жабоев, 59), Сарбашев (Кенжев, 59), Хьэшыр (Мэшыкъуэ Хь., 75), Лысенкэ (КIэщт, 84).

Топхэр дагъэкIащ: Лысенкэ, 15 (0:I), Полях, 48 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Марченкэ, КIэщтым.

Губгъуэм кърагъэкIащ: Гъуэгузокъуэр (85).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хыхьэ 4-нэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкыр» щыхьэщIащ Ялтэ къалэм и «Рубин»-м деж. ИкIи, псом япэу къыхэдгъэщынщи, террорист щIэпхъаджагъэ ялэжьынкIэ хъуну щыIэ шынагъуэм щахъумэу, футболеплъхэр стадионым а махуэм ирагъэхьакъым.

ЗэIущIэм зэрыщIидзэу, «Спартак-Налшыкым» топыр «иубыдащ» икIи хэгъэрейм я гъуэр къызэрищтэн Iэмал мызэ-мытIэу къызэригъэпэщащ дакъикъэ зыбжанэм къриубыдэу. Мы гъэм зи Iуэхур мыщIагъуэ ди командэм и апхуэдэ щIэдзэкIэм хэгъэрейхэр Iэнкун ищIащ: абыхэм я гугъакъым налшыкдэсхэр занщIэу ерыщу къатегуплIэну. Ди псалъэхэм я щыхьэту къэдгъэлъэгъуэнщи, зэIущIэм и 15-нэ дакъикъэр екIуэкIыу гъуащхьауэ Лысенкэ Сослъэн япэ дригъэщащ.

Топджэгу губгъуэм и сэмэгурабгъумкIэ къыщыту КIэдыкIуей Хьэчим дахэу кърита топыр Сослъэн IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпащ, зэ фIэкIа абы лъэмыIэсу. Ди командэр япэ зэрищрэ дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, зэIущIэм и бжыгъэр 0:2-у хуэщIыну щытащ Сарбашев Давид, ауэ кърата топыр тэмэму иунэтIыфакъым.

Абы иужькIэ «Рубин»-м бжьыпэр иубыдащ икIи ди гъуащхьэм нэхъыбэрэ къыIутащ, IэмалыфIхэри иIащ ди гъуэр къиштэну. Уеблэмэ абыхэм ящыщт Польшиков Данилэ и ебгъэрыкIуэныгъэр, ауэ ар зэуа топым ди гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбэч дахэкIейуэ къригъэгъэзащ. Абы кIэщI дыдэу иужь иту, Пурак Вячеслав ди гъуащхьэм и закъуэ къыIулъэдащ, арщхьэкIэ, «Рубин»-м и гъуащхьауэр тэмэму топым зэрытемыхуар дэ къытхуэщхьэпащ - шынагъуэр тщхьэщыкIащ.

ЗэIущIэм и етIуанэм Iыхьэм щIидза къудейуэ, 48-нэ дакъикъэм, «Рубин»-м и гъуащхьауэ Полях Данил бжыгъэр зэхуэдэ иригъэкъужащ. Дауи, зэрызагъэпсэхуам и сэбэп екIагъэнщ «Рубин»-м и командэм. Ди штрафноим къилъадэу, къыпэщIэта ди щIалитхумрэ Къумыкъумрэ къапекIуэкIыу Данил зэуа топым зэрыригъэгъэзэн Iэзагъ ди гъуащхьэтетым къыкъуэкIакъым.

Хэбгъэзыхьмэ, хэгъэрейхэм я щIалэм дигъэкIа топым къезыгъэгъэзэфын куэд щыIэкъым, ар апхуэдизкIэ дахэу икIи IэкIуэлъакIуэу игъэзэщIащи Полях. Турым и топ нэхъ дахэу къыхахынури арагъэнщ.

АдэкIэ къэнэжа дакъикъэхэм хэгъэрейхэр ди гъуащхьэм текIакъым, дяпэ ищыну хуабжьу хущIэкъуащ, ауэ ди щIалэхэми лъэкI къагъэнакъым я ныкъуэкъуэгъухэм я кIэн кърамыгъэкIын папщIэ.

ЗэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нэсыным дакъикъитху фIэкIа къэмынэжауэ, Гъуэгузокъуэ Андемыр топджэгу губгъуэм къызэрырахуам (хэгъэрейхэм я топджэгур хабзэр къызэпиуду къызэригъэувыIам щхьэкIэ) «Рубин»-м хэтхэм я лъэр нэхъри жан ищIат, къыттекIуэнымкIэ Iэмал яIэ хъуауэ къалъытэу. АрщхьэкIэ, дауэ ямыщIами, къэнэжа зэман кIэщIым абыхэм яхузэфIэкIакъым я мурадыр зрагъэхъулIэн. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ, ауэ фIэщщIыгъуейщ командитIри абыкIэ арэзы хъуауэ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм щыIа иужь зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Севастополь» - «Динамо-Ставрополь» - 3:1, «Дружба» - «Динамо-2» - 5:0, «Кубань Холдинг» -«Нарт» - 1:2, «Победа» - «Ростов-2» - 4:2, «Астрахань» - «Сочи 2» - 3:1, «Легион» - «Ангушт» - 1:3**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм жэпуэгъуэм и 11-м «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъэнущ Мэхъэчкъалэ и «Легион» командэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и зэрыщекIуэкIыр. КIэух Iыхьэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Севастополь»	29	16	9	4	47-32	57
2. «Динамо-Ставрополь»	29	16	8	5	41-27	56
3. «Кубань Холдинг»	29	14	11	4	49-25	53
4. «Победа»	29	16	3	10	37-30	51
5. «Нарт»	29	14	6	9	41-25	48
6. «Ростов-2»	29	13	6	10	39-27	45
7. «Астрахань»	29	12	10	7	38-25	46
8. «Сочи-2»	29	11	9	9	41-32	42
9. «Дружба»	29	10	8	10	42-28	41
10. «Рубин»	29	10	7	12	30-35	37
11. «Легион»	29	7	9	13	30-50	30
12. «Ангушт»	29	7	8	14	25-33	29
13. «Спартак-Налшык»	**29**	**4**	**6**	**19**	**25-50**	**18**
14. «Динамо-2»	29	0	4	25	17-78	4

Тхылъым и гъуэгуанэр

Тхылъым гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ - Вавилонрэ Шумеррэ я ятIэ таблицэхэм, Египетым и папирусхэм щегъэжьауэ, ику ит лIэщIыгъуэхэм я пергамент тхылъхэм, икIэм-икIэжым, ди зэманым щыIэ тхылъымпIэ тхылъхэмрэ электроннэ щытыкIэ зиIэхэмрэ нэс. И фIэщыгъэми къызэрыхэщщи, тхылъ щIыныр жыгым епхащ.

● ГъэщIэгъуэнщ

ПАСЭМ тетхыхьу къагъэсэбэпу щытащ жыг пхъафэм къыхэщIыкIа теIущIыкIыпIэ цIыкIухэр. Нэхъ пасэрей дыдэ тхылъхэр къыщыунэхуащ Вавилоным, Шумерым, Пасэрей Мысырым, Ассирием. Ар Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэт къэралыгъуэр зехьэным, дэфтэрхэр хъумэным, пащтыхьхэм я лIакъуэхэр къетхэкIыным, суд унафэхэр зэхуэхьэсыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Ауэ дэфтэр е щIэныгъэ Iуэхухэм теухуахэм нэмыщI художественнэу гъэпса япэ тхылъыр Пасэрей Шумерым къыщыунэхуащ. Ар «Эпос о Гильгамеше» тхылъырщ. Пасэрей тхылъыжьхэр щызэхуахьэсыжауэ археологхэм къагъуэтыжауэ щытащ Ашшурбанипал ассирийскэ пащтыхьым и пасэрей библиотекэр. КъуэкIыпIэм и тхылъхэр абдеж зэуIу щащIауэ щытащ пащтыхьым и унафэкIэ. Пасэрей библиотекэхэм ящыщу нэхъ абрагъуэ дыдэр мысыр пащтыхь Птолемей и унафэкIэ яухуэгъа Александрийскэ библиотекэрщ. Абдеж щызэхуахьэсауэ щытащ алыдж гупсысакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ ятхахэр, тхыдэ лэжьыгъэхэр, египет, вавилон IуэрыIуатэр, художественнэ романышхуэхэр. Александрийскэ библиотекэр диным игъэжэкъуахэм ягъэсауэ щытащ.

Пасэрей Урымым псом хуэмыдэу щызэлъащIысауэ щытащ романхэр. Урымхэр тхылъ еджэрт къащыпэщIэхуэм деж: жыг хадэхэм, хьэмэмым, уеблэмэ ефэ-ешхэ зэхуэсхэм. Нэхъапэм хъурейуэ шыхьа тхылъымпIэхэм тхыгъэхэр тетхауэ щытамэ, ар къызэгугъуэкIа урымхэм къагупсысащ тхылъымпIэр напэкIуэцI щхьэхуэурэ зэпагъэжу, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу тхылъ щIыкIэу зэхуахьэсыжыну. Апхуэдэ тхылъхэр тыгъэ лъапIэуи ятырт. Апхуэдэу къежьащ ди зэманым тыншу тIэщIэлъ тхылъым и теплъэр.

Урым къэралыгъуэр щэщэжа нэужь, тхылъ Iуэхури екIэкIуащ. Урымхэмрэ алыджхэмрэ я пIэ къиуващ Цицерон, Витрувий, Аристотель сымэ емыджэф щIэныгъэншэхэр, лейзехьэхэр. Абы щыгъуэ зэпыуауэ щытащ Европэм ащтымыр (папирус) ирашэнри.

Ику ит лIэщIыгъуэхэм Европэм ащтымыр щыщымыIэжым, пергаментыр къэунэхуащ. Абы и фIэщыгъэр къытехъукIащ Пергам къалэм. Ди эрэм ипэкIэ 11 лIэщIыгъуэм а къалэм къыщрагъэжьауэ щытащ псэущхьэхэм я фэ гъэгъуам тетхыхьу. Апхуэдэу, пергаментыр къагъэсэбэп хъуащ ащтымым нэхърэ нэхъ къащтэу. Ар нэхъ быдэт, лъэныкъуитIми утетхыхь хъурт, уеблэмэ птхар тебгъэкIыжурэ нэгъуэщI тептхэжи хъурт. Ауэ пергаментыр егъэлеяуэ лъапIэт, бгъэхьэзырыну гугъут. Ар зэрагъэпэщыным текIуадэрт тхьэмахуитIи нэхъыби. ЖэмыфэрI, мэлыфэр, бжэныфэр сэху зыхэлъ псым халъхьэрти ягъэхужьырт, лантIэ ящIырт. ПергаментыфIыр иджырей тхылъымпIэм хуэдэу хужьт, ауэ хьэлъэт. Тхылъ щызэкIэрашхэкIэ, пергамент напэхэм я зэхуакухэм пхъэбгъу пIащIэ цIыкIухэр драгъэубыдэрт. Зы тхылъым текIуадэрт жэмыфэ зыхыбл. Абы къыхэкIыу ику ит лIэщIыгъуэхэм тхылъыр апхуэдизкIэ лъапIэти, унагъуэ къулейхэми щIагъуэу къахуэщэхуртэкъым. Пергаментым къыхэщIыкIа тхылъхэм килограмми 10-м нэс я хьэлъагът.

Монаххэм тхылъхэм ярытхэр кърачхыкIыурэ скрипториехэм тратхэрт. ТетхыкIакIуэр IэщIагъэ щхьэхуэу къэунэхуащ. Ику ит лIэщIыгъуэхэм тхылъ тептхыкIыныр тыншэкъым. ТетхыкIакIуэхэр щылажьэр жэщырт икIи узэдыгъэ нэфкIэ лэжьэн хуей хъурт. Жэщщысыр нэми зэран хуэхъурт, я бгыр къэгъэшауэ куэдрэ зэрыщысри узыншагъэмкIэ щIагъуэтэкъым. Гугъу пэтми, хъэтI дахэкIэ тхэрт, къаз къауц къагъэсэбэпырти.

ТхылъымпIэр къагъэсэбэпу ирагъажьэри, тхылъ Iуэхуми псынщIэу зиужьу щIидзащ. Къапщтэмэ, тхылъымпIэр пасэу къыщыунэхуащ Пасэрей Китайм. ТхылъымпIэ тхылъхэри къыщIагъэкIырт, тхылъымпIэ ахъши къагъэсэбэпын щIадзат. Ауэ европейхэм тхылъымпIэр япэу къыщацIыхуар жорзехьэхэм я зекIуэм (крестовый поход) щыгъуэщ - хьэрыпхэм ар щызыIэрагъэхьат китай сондэджэрхэм я деж. Жорзехьэхэм хьэлэмэт ящыхъуат хьэрыпхэм тхылъымпIэр къызэрагъэсэбэпыр. Хьэрыпхэр тхылъымпIэм тетхыхьэрт, хьэпшыпхэр кIуэцIашыхьырт.

Мыгувэу европейхэм, тхылъымпIэр зэрымылъапIэр къагурыIуэри, езыхэми къыщIагъэкIыу щIадзащ. ТхылъымпIэ тхылъхэр куэдкIэ нэхъ пудт пергаментым къыхэщIыкIахэм нэхърэ. Ар цIыхубэми къащэхуф хъуащ.

XV лIэщIыгъуэм тхылъ Iуэхум егъэлеяуэ зиужьащ. Нэмыцэ IэпщIэлъапщIэ Гутенгберг Иоганн тхылъ зэрытрадзэ станок ищIащ. АбыкIэ япэ тхылъыр, Библиер, къащыпауэ щытащ. Апхуэдэу къэунэхуащ тхылъ тедзэныр. Дунейм щIэныгъэр щызэлъэIэса, школхэр къежьа нэужь, тхылъхэм псом хуэмыдэу щIэупщIэ яIэ хъуащ. Нэхъапэхэм тхэныр диным нэхъ ехьэлIауэ щытамэ, иджы романхэри, художественнэ тхыгъэхэри, щIэныгъэ трактатхэри, медицинэм, астрономием, пщэфIэным ехьэлIа тхылъхэри традзэрт. Япэрей тхылъымпIэ тхылъхэр теплъэкIэ щIагъуэу къащхьэщыкIыртэкъым пергаментым къыхащIыкIыу щытахэм. Гот (готический) шрифт жыхуаIэмкIэ тедзат, езыхэри хьэлъэт. Итальян тхылътедзэ Мануций Альд гот шрифтхэр япэу ихъуэжауэ щытащ тыншу укъызэджэф хьэрфхэмкIэ. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу къэунэхуащ цензурэкIэ зэджэри. Коперник Николай, Галилей Галилео сымэ я щIэныгъэ лэжьыгъэхэр дунейм къытехьэу ямыдэ хъуащ. Цензурэм къапиубыдащ францус узэщIакIуэ Деламберрэ Дидрорэ я энциклопедие-хэр. Ахэр гъэпщкIуауэ куэдрэ традзащ.

Япэрей тхылъ тедзапIэхэм щылажьэхэрт хьэрфхэр къэзыщыпхэр, напэкIуэцIхэр зыгъэщIэращIэхэр, тхылъ напэхэр зэкIэрызышхэхэр. Пасэрей тхылъ тедзапIэхэм къыщыдагъэкIауэ ди зэманым къэса тхылъхэм доллар мин бжыгъэ я уасэщ. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ Сервантес Мигель и «Дон Кихот»-р.

XIX лIэщIыгъуэм литературэр куэду зэбгрыкI хъуащ. Детективхэр, бзылъхугъэ романхэр, фантастикэхэр бжыгъэншэу щыIэт. Иджы тхылъхэм цIыхухэр еджэрт я щIэныгъэм хагъэхъуэным къищынэмыщIауэ, зытрагъэун папщIи. Ауэрэ щIэупщIэшхуэ зимыIэ тхылъхэр къыдагъэкIащ. Инджылызым щытрадзащ Конан Дойль Артур «Приключения Шерлока Холмса» зыфIищар. XIX лIэщIыгъуэм и кIэухым, XX-м и пэщIэдзэм а тхылъыр егъэлеяуэ цIэрыIуэт. XX лIэщIыгъуэм псом нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ хъуащ Ролинг Джоан и «Гарри Поттер» тхылъыр.

Ди зэманым къэунэхуащ электрон тхылъхэр. Интернетым Iэмал къует узыхуейм уеджэну. Ауэ тхылъымпIэкIэ тедза тхылъым и фIагъыр абы зыкIи мыхьэнэншэ щIэхъукIакъым. Тхылъыр я Iэм IэщIэлъу еджэну нэхъ къащтэ цIыхухэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Фестиваль

Адыгэ фащэр сэ схуадами, зэры-Кавказу яхуэхъуащ

ФокIадэм и 28-м адыгэ дунейм щагъэлъэпIащ Адыгэ фащэм и махуэшхуэр. Адыгэм и тхыдэр, шыфэлIыфэр, хабзэр, нэмысыр, гъэсэныгъэр, лъапIэныгъэхэр къызытещ цIыхухъу, цIыхубз фэилъхьэгъуэхэм я пщIэр нэхъри Iэтыным, ди напщIэм телъ хабзэмрэ адыгагъэмрэ гъуэгу етыным, къыддекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр зейр ягу къагъэкIыжыным тегъэпсыхьауэ Черкесск щекIуэкIа хэгъэгузэхуаку фестивалыр къызэрымыкIуэу ин, дахэ, купщIафIэ хъуат.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Адыгэ фащэм и махуэр трагъэхуащ сурэтыщI-модельер, дизайнер, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Лиги мира» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и саугъэтыр зрата СтIащ Юрэ Мэхьмуд и къуэр къыщалъхуа махуэм. А жэрдэмыр АР-м и Адыгэ Хасэм къыхилъхьэри, 2011 гъэм япэу ягъэлъэпIащ. ИтIанэ, 2014 гъэм, Адыгейм къэрал статус щигъуэтащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьауэ, 2012 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ фащэм и махуэр, ар адыгэ зэрыс щIыналъэ, къэрал псоми щаIэт. Фащэр лъэпкъым и напэщ, абы къытощ адыгэм и шыфэлIыфэр, тхыдэр, хабзэр, гъэсэныгъэр, щэнхабзэр, лIыгъэр, хахуагъэр. Абы ипкъ иткIэ, жыпIэ хъунущ фащэр адыгэм и тхыдэу, и блэкIам щыхьэт техъуэ дамыгъэ лъапIэу. Нобэ цIыхухъу, цIыхубз фэилъхьэгъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтами, зэманым драгъэкIуу щIэблэм зэращыгъым, IэщIагъэлIхэм иджырей теплъэхэр зиIэ цейхэмрэ саехэмрэ зэращIым ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдиз гъуэгуанэ къызэзынэкIауэ иджыри лъэпкъым и набдзэ фэилъхьэгъуэр Кавказ лъэпкъ куэдым зыщатIэгъащ, къэзыгупсыса, зей лъэпкъым и цIэр фIащыжри. «Черкеска»-р зыщыгъ сыт хуэдэ лъэпкъми цIыхуми зызыхуигъадэр шэрджэс лIы хахуэмрэ шэрджэс пщащэ теплъафIэмрэщ. Ар зэманым хэмыкIуэдэжын, нэгъуэщIым зэримейр къэзыгъэлъагъуэ, лъэпкъым пщIэ зыхуищI фэилъхьэгъуэ лъапIэу диIэщ.

Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алийрэ «Черкес хэку» лъэпкъ газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэрэ я жэрдэмкIэ, къыхалъхьа Iуэхур Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм къадиIыгъри, гуфIэгъуэ Iуэхур зэхашащ.

Фестивалыр екIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэIэм щIэту. Абы хэтащ ДАХ-м и къудамэу адыгэ щыпсэу щIыналъэхэм щылажьэхэм я лIыкIуэхэр. Черкесск и «ХытIыгу щхъуантIэ» щIыпIэ дахэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан зи пашэ гупыр, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Факъуэ Русланрэ къыдэлажьэхэмрэ, Краснодар крайм щыIэ Адыгэ Хасэм и Iэтащхьэ МэшылI Руслан зи пашэ гупыр, Ставрополь крайм щыIэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI Шыбзыхъуэ Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

«ХытIыгу щхъуантIэм» и утыкум щегъэувэкIат Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щыщ цIыхубз IэпэIэсэхэмрэ цIыхухъу IэпщIэлъапщIэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Ахэр гуапэу цIыхубэм ядэгуашэрт я хьэпшыпхэм я хъыбархэмкIэ, къызыхэщIыкIам, зэрагъэхьэзырам, къызэрагъэсэбэпым теухуахэмкIэ. Адыгэм ижьыж лъандэрэ къыдокIуэкI IэпщIэлъапщIагъэр. ЦIыхухъу зэкIужым хуэфIрэ пщыгъыну тыншу къигупсыса фащэмрэ бзылъхугъэ гуакIуэм и пкъым изагъэ, егъэлеиныгъэ лъэпкъ зыкIэрымылъ бостеймрэ нобэр къыздэсым зэрахьэ, ар зыд IэщIагъэлIхэри ди мащIэкъым.

Абы къиищынэмыщIауэ, дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм, жэзым, пхъэм, фэм, гъущIым зыхуеину хьэпшыпыр къыхищIыкIырт адыгэм, унагъуэм къыщигъэсэбэпынухэмрэ унэлъащIэмрэ и IэкIэ зэригъэпэщыжыфырт. Апхуэдэ Iэзагъ зыбгъэдэлъ куэд щызэхуэсат Черкесск. ЯгъэлъапIэр адыгэ фащэрами, уи щхьэкIэ, уи унагъуэкIэ къэбгъэсэбэпын куэд кърахьэлIат, фащэр зэрагъэщIэращIэ пкъыгъуэхэмрэ бзылъхугъэм къигъэсэбэп хьэпшып цIыкIуфэкIухэмрэ бжыгъэншэт. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Даур Аслъэн и цIэр зэрихьэу Черкесск дэт, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым утыку кърихьа хьэпшыпхэм нэр пIэпахырт, апхуэдизкIэ дахэти. Ар зи IэдакъэщIэкIыр еджапIэм и студентхэрат.

Колледжым Декоративно-прикладной гъуазджэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Лэпыгъу Эллэ зэрыжиIамкIэ, къудамэр къыщIызэIуахам и щхьэусыгъуэр лъэпкъ IэщIагъэхэр къэгъэщIэрэщIэжынырщ. «Абы къыбжеIэ ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкIа хьэпшыпхэр иджыри гъащIэм къыщыбгъэсэбэп зэрыхъунур, абыхэм дыщыпсэу лъэхъэнэм увыпIэ хэха зэрыщаубыдыр. Нобэ флъагъу экспонатхэм ящыщу дэтхэнэ зыми хуитыныгъэ иIэщ иджырей зэманым «хэпсэукIыну». Дыщэидэм, арджэным, цы зэIущэным, лъэпкъ макъамэ IэмэпсымэхэрщIыным - куэдым худогъасэ студентхэр. Фестивалым утыку къыщитхьар ди еджакIуэхэм я диплом лэжьыгъэхэрщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ мыпхуэдэ махуэ зэрыщыIэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы нэхъри узэкъуегъэувэ, узэрегъэубыд. Нобэ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэм дыкIэлъоплъ, езыхэми ди IэдакъэщIэкIхэм зыщагъэгъуазэ, щIэщыгъуэ, дымыщIэ гуэрхэмкIэ дызэдогуашэ. Аращ махуэшхуэм и къалэн нэхъыщхьэри», - жеIэ Эллэ.

Адыгэ фащэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха шылэхъарымкIэ Iэзэ бзылъхугъэ цIыкIум къиишащ и IэдакъэщIэкI дыщафэхэр, хужьыфэхэр, нэхъ Iуву зэрыхъахэр, нэхъ пIащIэхэр, тхыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыхэтхэр. «Сэ сызэрыцIыкIурэ сощI шылэхъар, си анэшхуэм сригъэсауэ, - жеIэ абы. - Зы шылэхъарыр махуищыммахуитхум къриубыдэу сощI, ихьыну зэманыр Iуданэми, хэпщIыхь тхыпхъэми елъытащ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, саер нэгъэса хъунукъым, шылэхъар имыгъусэмэ».

Налшык щыщу гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ модельер цIэрыIуэ ХьэцIыкIу Мадинэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр лIэщIыгъуэ блэкIахэм къыхэбэкъукIыу нобэрей зэманым къыхэхутам ещхьщ. Уздеплъ къудейм лъэпкъым и беягъымрэ и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ псэкIэ зыхыуагъащIэ. ЦIыхухъу, цIыхубз фащэхэм къадэкIуэу, Мадинэ иужьрей илъэсхэм иригъэжьащ адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр, дамыгъэхэр къызытещ фэилъхьэгъуэхэр дыныр, ахэр нэхъыбэу щызытIагъэр щIалэгъуалэрщ. Данэ IэлъэщI дахэхэр иIэщ ХьэцIыкIум, пасэрей Шэрджэс щIыналъэм и теплъэр къызытещ IэлъэщI екIур, и анэм хуигъэпсауэ макъамэм епха тхыпхъэхэр зытетыр... ЖыпIэнуракъэ, Мадинэ и Iэм ищI дэтхэнэ зы хьэпшыпми «адыгэмэ» къыкIэрех, узэрыадыгэм уригушхуэжу ахэр зепхьэну урегъэхъуапсэ. «Сэ щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм сыкIуэну сфIэфIщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы цIыхухэм щалъагъу жыпхъэ псоми тету яда адыгэ фащэ екIур, абыкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэми укъацIыху, зи лъапIэныгъэхэр зыфIэгъэщIэгъуэн уи лъэпкъэгъухэми фащэм и тхыдэр, и теплъэр зрагъащIэ. КъищынэмыщIауэ, лъэпкъ зыхэщIэр тхыпхъэщIыпхъэхэр зытет, зыхэт хьэпшыпхэмкIэ щIалэгъуалэм ябгъэдэплъхьэфынущ. Нобэ къэтша апхуэдэ хьэпшыпхэми щIэупщIэ яIэщ», - жеIэ Мадинэ.

Хьэбэз къуажэм щыщ Адышэс Iэзэмэт гъущIым, фэм, пхъэм йолэжь. Ауэ и цIэр зыгъэIуар адыгэ сэжьейхэрщ. Сэм ирихьэлIэ пкъыгъуэхэр хыв бжьакъуэм, былымыфэм, бзиихум, мэл бжьакъуэм, нэгъуэщIхэми

къыхех. Iэрыхуэу къызэрыбгъэсэбэпыфым, жану зэрылъам къыдэкIуэу и теплъэкIи дахэщ Iэзэмэт и IэдакъэщIэкIхэр, нэхъыщхьэращи, пасэрей адыгэм иIыгъа сэжьейр хэплъхьэни-хэпхыни щымыIэу и лъэщапIэм щещIыжыф. Гъэлъэгъуэныгъэм къиишахэм ящыщщ гъущI чыданэ зэхэшыхьа псыгъуабзэу мин 20 - 25-кIэ зэрыхъа афэ джанэмрэ зауэлIым и Iэщэфащэмрэ. А фэилъхьэгъуэм ущеплъкIэ, лъэпкъ тхыдэр уи нэгу къыщIоувэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ цIэрыIуэу щыта адыгэлIым и шыфэлIыфэр нэрылъагъу пщохъу.

- Адыгэ зауэлIым и Iэщэфащэу сэ утыку къисхьар зыщIар си закъуэкъым, атIэ сабийхэм я IэдакъэщIэкIыу жыпIэ хъунущ. Хьэбэз курыт еджапIэм лъэпкъ класс щыдиIэщи, абы щIэсхэм афэ джани, шабзи, шабзэши, фэм къыхэщIыкIа хьэпшып куэди ящI. А IэщIагъэм и гъусэу сабийм и бзэр нэхъ шэрыуэ мэхъу. Си къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къызолъытэ, IэпщIэлъапщIагъэм хуезгъасэ сабийхэм Iэмал имыIэу я анэдэлъхубзэкIэ згъэпсэлъэныр. Дерсым щIэс сабийм Iэмэпсымэ гуэр къиищтэнуми, зэлэжьым тепсэлъыхьынуми, къигъэсэбэпыр адыгэбзэщ. Арыншауэ хъунукъым. Бзэр Iурымылъу, ауэ и адэжьхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшып ищIыфкIэ е зэрихьэкIэ сабийр адыгэ хъунукъым.

Iэщэмрэ фащэмрэ зэгуэпх мыхъун хьэпшыпщ. ЗауэлIым дежкIэ нэхъапэр Iэщэрат, итIанэт фащэм щынэсыр, ар бзэм апхуэдизкIэ кууэ хэпщIащи, зэкIупсу къегъэсэбэп Iэщэ-фащэр. Сэри ар ныбжьыщIэхэм я деж зэрынэсхьэсыну, Iэщэ ящIыфу, фащэм хуэIэрыхуэу щытыну сыхуейщ, - къыддогуашэ Iэзэмэт.

Адыгэ хьэпшып жыпIамэ, ар нэхъ Iэзэу зыщI бгъуэтынкъым Адыгейм ис бзылъхугъэхэм нэхърэ. Адыгей IэпэIэсэ зыбжанэм я Iэдакъэ къыщIэкIа жьыхухэр, къэлътмакъхэр, зэрызагъэщIэращIэ хьэпшыпхэр, чысэхэр куэду Iэнэм тегуэшащ. Хъуран Азэ зэрыжиIамкIэ, IэпэIэсэхэр зэчэнджэщри, псоми я хьэпшып зэрыз-тIурыту зэхэлъ гъэлъэгъуэныгъэр Черкесск къашэну мурад ящIащ мы гъэм.

ЛъэныкъуэкIэ къыщытщ ХъуакIуэ Рузанэ и фащэхэр, ахэр зи IэзагъкIэ зыгъэщIэрэщIа Нэгъуей Оксанэ и IэдакъэщIэкIхэр. Иджырей лъэхъэнэм уи Iэм зыгуэр ищIыныр, щIэ гуэр къэбгупсысыныр фIыщ, аращ щIалэгъуалэр дэзыхьэхыр. Оксанэ тхылъымпIэ гъэджэрэзам къыхищIыкI гуащэхэмрэ фащэхэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Абыи къыщымынэу, бзылъхугъэ фащэм, Рузанэ идахэм, тхылъымпIэ гъэджэрэзам къыхэщIыкIа тхыпхъэхэр тредэ.

- Рузанэ фащэ дын зэрыщIидзэрэ илъэс 20-м нэблэгъами, сэ IэпэIэсэхэм сазэрыхыхьэрэ илъэс зыбжанэ къудейщ зэрыхъур. ТхылъымпIэ гъэджэрэзам хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхащIыкIыр Интернетым щыслъэгъуауэ аращ. Сэри апхуэдэ зыгуэрхэр сщIын щIэздзэри, сыдихьэхащ. Ауэрэ тхыпхъэщIыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ сщIыуэ езгъэжьащ. Ар зылъэгъуа си ныбжьэгъухэм сытрагъэгушхуэри, селэжьу щIэздзащ, - жеIэ Оксанэ.

Оксанэрэ Рузанэрэ зэгурыIуэри, иджырей фащэм и теплъэщIэхэр къагупсысащ. ТхылъымпIэ гъэджэрэзам къыхэщIыкIауэ бгъэIулъым, бгырыпхым, пыIэм трагъэтIысхьэну тхыпхъэщIыпхъэхэр зэмылIэужьыгъуэу ещIри, зытрилъхьэну фащэм екIуну плъыфэкIэ елэж Оксанэ. Ахэр иджы япэу Черкесск утыку къыщрахьащ.

Апхуэдэ хъыбар щIэщыгъуэхэмрэ фащэм и теплъэ зэмыщхьхэмрэ цIыхубэр дахьэхауэ еплъащ а махуэм, ягу ирихь хьэпшыпхэр къащэхуащ. Нэхъыщхьэрати, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, лъэпкъ уардэм къызэрыхэкIам иригушхуэу, хьэпшып, зэхэтыкIэ, хабзэ уасэншэ зэраIэм я щхьэр иджыри зэ лъагэу ярагъэлъагъужу заплъыхьащ. Апхуэдэ дыдэуи нэгъуэщI лъэпкъхэми ялъэгъуащ адыгэм и блэкIар зэрыбейр, и щIэблэм ябгъэдэлъ зэчийр, я адэжьхэм яхуэфащэу, лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ хэкупсагъэмрэ хуэпэжу адэкIи зэрыбакъуэр.

Утыкум адыгэ хьэпшыпхэр щызэзыгъэлъэгъуа цIыхубэр хуэмурэ Черкесск и АмфитеатрымкIэ яунэтIащ. Абы щекIуэкIащ зэкъуэш хэгъэгухэм къикIа артистхэри зыхэта махуэшхуэ концерт.

Концертыр къызэIуихащ икIи дахэу иригъэкIуэкIащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ.

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ цейм теухуауэ итха усэмкIэ къызэIуихащ Люсанэ концертыр.

«... Адыгэ фащэр сэ схуадами, зэры-Кавказу яхуэхъуащ». Щыпкъэщ, захуагъэщ икIи узэрыгушхуэщ а псалъэхэр. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм къекIуэлIа куэдым адыгэ фащэхэр ящыгът, тхыпхъэщIыпхъэхэр къызытещ фэилъхьэгъуэхэмкIэ зэщыхуэпыкIат щIалэгъуалэм я нэхъыбэр. Нэр ягъэгуфIэрт Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбэз районхэм, Хъумэрэ къуажэм къикIа, адыгэ фащэр екIупсу зыщыгъ дадэхэм.

ФIэхъус псалъэкIэ хьэщIэхэм захуигъэза нэужь, Абидокъуэ Люсанэ утыкум къригъэблэгъащ бысым Хасэм и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат Аслъэн Алий.

- Хуабжьу фIыщIэ ин фхуэсщIыну сыхуейщ зэхуэдэу дызэрыгушхуэ фащэм и махуэм тедуха гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIа псоми, ар едгъэкIуэкIыныр къыддэзыIыгъа, къыддэIэпыкъуа республикэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэми. Лъэпкъыр псэущ и блэкIам пщIэ хуищIыху, и хабзэ, и бзэ, и фащэ зэрихьэжыху. Абы елъытамэ, Адыгэ фащэм махуэ хухэпхынри ар иину бгъэлъэпIэнри Iуэху щхьэпэщ. Пасэм адыгэм ящыгъа фэилъхьэгъуэр иджыри ди щIалэгъуалэм зэрызэрахьэр гуфIэгъуэшхуэщ. Ар щыгъын къудейкъым, атIэ лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм уезыгъэгупсысщ, ар зыхозыгъащIэщ икIи укъызыхэкIам ухуэпэжу ущытынымкIэ сэбэпышхуэ хъу хьэпшыпщ. Сыхуейщ мы махуэм и мыхьэнэр зыхэтщIэу, ди блэкIам дригушхуэу, ди къэкIуэнур дахэ зэрытщIыным зэгъусэу дытелажьэу дызэдэпсэуну, - жиIащ Аслъэн Алий.

Уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIауэ щыта пшыхьым пщащэ щIыкIафIэ зэкIужхэм щагъэлъэгъуащ Нэхущхэ Заремэрэ Мединэрэ я Iэдакъэ къыщIэкIа фащэхэр. Я теплъэкIэ, плъыфэкIэ, дыкIэкIэ зэмыщхь фэилъхьэгъуэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми ущIыдихьэхынрэ сщыгъарэт щIыжыпIэн хъуэпсэгъуэ гуэррэ яхэлът. Ини цIыкIуи зыхэта, нэхъыщIэ дыдэхэми утыкур хуит щыхуащIа гъэлъэгъуэныгъэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ, зэанэзэпхъум яхуэхъуахъуэурэ.

Нэхъыжьыфl зимыIэм нэхъыщIэфI иIэкъым. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ абы къадэлажьэ Хасэ унафэщIхэмрэ кърагъэблэгъащ утыкум.

- Фащэм, хабзэм, лъэпкъым я мыхьэнэр къызыгурыIуэ, абы пщIэ хуэзыщI дэтхэнэ зыми фIыщIэ хуэфащэщ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Дэнэ щыпсэу адыгэри зэкъуегъэувэ нобэ хуэдэ махуэм. Сыхуейщ адыгэр адрей лъэпкъхэм сытым дежи къазэрыщхьэщыкIыу щыта ди лIыгъэр фхэлъу, хабзэмрэ нэмысымрэ зефхьэу, бзэмрэ тхыдэмрэ фхъумэу диужь ит щIэблэр фыкъэгъуэгурыкIуэну. Ди лъэпкъым куэд и нэгу щIэкIащ. Дэ къыдгуроIуэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр тхъумэмэ, абы щIэблэр щIэтпIыкIмэ, ди гъуэгур кIыхь зэрыхъунур. Фащэм и IуэхукIэ нобэ дызэхуэсами, дыщIызэхыхьэн гурыфIыгъуэ куэд иджыри Тхьэм къыдит. Лъэпкъ куэд щызэхэс ди Хэкур нэхъри ефIэкIуэну, нобэ гъунапкъэхэр зыхъумэ ди щIалэгъуалэр узыншэу къекIуэлIэжыну, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысей псоми зэIузэпэщыгъэрэ зэгурыIуэрэ илъыну сохъуахъуэ.

Псалъэ гуапэкIэ къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ икIи лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр хъумэным фIым дызэрыхуишэнур къыхэщу къэпсэлъащ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, Факъуэ Руслан, МэшылI Руслан сымэ.

ЗэIущIэм щагъэлъэгъуащ лъэпкъ щэнхабзэм и курыхыу къалъытэ фащэм нобэ елэжь IэпщIэлъапщIэхэр зыхэта фильм кIэщI. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм ис бзылъхугъэ IэпэIэсэхэм гум нэсу жаIэжащ цIыхухъу, цIыхубз фэилъхьэгъуэхэм я зэхэлъыкIэр, зехьэкIэр. Адыгэ фащэм псэщIэ хэзылъхьэжауэ къалъытэ, «япэ адыгэ кутюрье» зыфIаща СтIащ Юрэ и коллекцэм ЩIы хъурейм гуапагъэмрэ мамырыгъэмрэ, зэгурыIуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ укъыхуезыджэ гупсысэхэр теплъэ зыхуищIа фащэ пщIы бжыгъэхэр зэрыхэтыр щыжеIэ фильмым. Абы и цIэр дыщэ IуданэкIэ щыхидыкIащ лъэпкъ тхыдэм.

Концертыр ягъэдэхащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрал филармонием къафэмкIэ и театрым, «Пасэрей» лъэпкъ макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ ансамблым, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Сэтэней» ансамблым, «Шэрджэс» цIыхубэ ансамблым, «Лэгъупыкъу» сабий къэфакIуэ гупым, «Синдика» къэфакIуэхэм, «Зори Урупа» сабий къэфакIуэ гупым (Краснодар край) уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм щIыхьыцIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэу Мэремкъул Ачар, Думэныщ Лианэ, Муратхэ Мурат, Ажий Мурат, Мамхэгъ Каринэ, Унэж МуIэед, Адэмокъэ Ахьмэд, Хъупсырокъуэ Мурат, Зеущэ Iэуес (КъБР), ХьэбытIэ Вячеслав (Осетие Ищхъэрэ - Алание), Лъашэ Альберт, Хъуран Азэ (АР) сымэ.

Фестивалыр щIалэгъуалэр жыджэру зыхэта адыгэ джэгушхуэкIэ зэхуащIыжащ.

Тхыгъэри сурэтхэри **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*

Налшык - Черкесск - Налшык.



УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэкIэлъыкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIыжхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.289
Заказыр №2156

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.